

Aktyalizasyon sou Finans ak Bidjè Inivèsite a

2 Avril 2021

Chè Kominote Inivèsite Maryland,

Jodi a, nou ekri ou pou pataje dènve enfòmasyon konsènan enpak pandemi COVID-19 la sou bidjè inivèsite a. Nou vle asire ou ke se yon angajman pou n kenbe ekselans nan edikasyon, rechèch ak misyon sèvis nou yo; pwoteksyon sante, sekirite ak byennèt kominote sou kanpis nou an; epi rediksyon enpak pou sila yo ki pi vilnerab nan kominote nou an ki gide desizyon nou yo. Nou rekonesan anpil pou tout travay ke anpil nan nou te fè pandan moman difisil enkwayab sa yo nan istwa inivèsite a ak nasyon nou an.

Enpak Pandemi an sou Bidjè Inivèsite a

Jan nou te enfòmme sa nan mwa septanm ane pase a, efè COVID-19 la sou bidjè Fiskal 2021 kanpis nou an te konsiderab epi te estime nan anviwon \$281.7 milyon. Defisi nan bidjè revni sa a te nan anviwon 1/3 akòz pèt eta a te sipòte yo, epi 2/3 nan pèt yo te gen pou wè ak inite oksilyè yo ak lòt aktivite ki pa vini de eta a. Jan sa detaye anba a, ansanm, nou te diminiye pifò nan enpak finansye COVID-19 sa yo atravè yon seri mezi ki gen ladan prè akoutèm, finansman federal, rediksyon debaz nan bidjè, ekonomi nan enèji ak vwayaj epi pwojè antretyen ak renovasyon ki te ranvwaye pandan ane fiskal 2021 an.

Sepandan, konpare ak presyon finansye yo ke Inivèsite Maryland te fè fas nan tan pase, sitiasyon finansye aktyèl la diferan nan kat (4) fason:

- Dapre sa nou konnen, jiskaprezan se pi gwo kriz finansye nan istwa inivèsite a;
- Pratikman tout sous revni nou yo afekte an menm tan;
- Nou te oblije ogmante depans yo pou minimize risk pwopagasyon COVID-19 la nan kominote sou kanpis nou an epi nan vil College Park ak Konte Prince George epi te pase nan ansèyman sou entènèt pandan nou te kenbe ekselans nan ansèyman; epi
- Toujou gen kèk ensètitud finansye konsènan dire pandemi COVID-19 la ak enpak li sou bidjè Ane Fiskal 2022 a.

Difikilte finansye nou yo tonbe nan de (2) gwo kategori:

- Aktivite Oksilyè ak Oto-Asistans: Enpak COVID-19 la sou kèk fonksyon, tankou lojman, dine, espò, transpò ak lòt aktivite oksilyè yo, te lakòz nan pèt imedyat sou revni ak/oswa depans operasyonèl ki te ogmante nan inite sa yo. Pandan enpak akoutèm sou fonksyon sa yo gwo, pèspektiv finansye alontèm pou sèvis sa yo pi optimis men ka pran plizyè ane fiskal pou rezoud. Pa egzanp, Intercollegiate Athletics te pèdi anviwon \$40 milyon nan revni (vant tikè, esponsò, etc.) ane sa a, ki pral kouvri gras ak yon prè nan rezèv inivèsite a epi ranbouse amezi sous revni yo ap rekipere.
- Sipò Eta: Enpak COVID-19 la sou sipò bidjè eta Maryland lan pou kanpis la te konsiderab, sa ki te lakòz yon pèt 7.5% nan fon debaz yo oswa anviwon \$46.3 milyon. Nou te fè fas ak restriksyon sou

ogmantasyon frè lekòl ak lòt frè, ak envestisman obligatwa nan aprantisaj adistans ak travay adistans. Pandan Ane Fiskal 2022 a parèt pi bon pase sa ki te prevwa, pèt regilye nan fon debaz yo nan Ane Fiskal 2021 an ap gen yon gwo enpak sou kapasite nou pou byen reyalize misyon nou alavni.

Prensip Jeneral ak Priyorite

An konsiltasyon epi avèk opinyon anpil pati enterese nan kominote sou kanpis la, ki gen ladan direksyon Sena Inivèsite, Komite Egzekitif Sena (SEC), Komite Sena sou Finans Inivèsite (SUCF), lidè akademik ansyen yo, fòs travay global ak gwoup travay, epi Sistèm Inivèsite Maryland (USM) lan, nou te adopte prensip jeneral ak priyorite yo pou ede enfòme desizyon sou bidjè final nou an:

1. Inivèsite a dwe pwoteje sante ak sekirite elèv, pwofesè ak anplwaye li yo.
2. Inivèsite a dwe pwoteje manm ki pi vilnerab yo nan kominote li a.
3. Inivèsite a dwe asire gen misyon rechèch ak ansèyman.
4. Inivèsite a dwe pèmèt fleksibilite nan aplikasyon rediksyon nan bidjè a.
5. Inivèsite a dwe byen transparan konsènan wout pou li swiv.
6. Inivèsite a ap egzikite yon apwòch ekilibre pou rediksyon yo nan bidjè a.

Mezi pou Rediksyon nan Bidjè

Dapre direktiv ak priyorite yo ki anwo a, nou te aplike yon seri estrateji rediksyon pou limite enpak finansye COVID-19 la pou Ane Fiskal 2021 an, ki gen ladan:

- Aplike yon konjèlman sou anboche moun ki te anvigè nan vandredi 31 mas 2020;
- Restriksyon sou vwayaj ki pa esansyèl pou tout anplwaye nan inivèsite a kòm mezi sante ak sekirite, epi mezi pou ekonomize;
- Chaj enèji redui pou enstalasyon fizik nou an, sa ki te pèmèt kèk ekonomi;
- Itilize yon pati nan rezèv balans fon inivèsite a pou konpanse pèt sou revni ak ogmantasyon nan depans yo ki gen rapò ak COVID la.
- Aplike yon rediksyon pèmanan 5% nan bidjè a nan aktivite yo eta a sipòte pou Ane Fiskal 2021;
- Rediksyon nan depans renovasyon etablisman yo; epi
- Rediksyon lòt alokasyon santral nan bidjè a.

Rediksyon Tanporè Salè yo Anile

Nan novanm, nou te wè kèk amelyorasyon nan sitiyasyon finansye nou gras ak efò rediksyon nou yo ak sipò nan efò ankourajman eta ak federal la. Kidonk, n ap anonse kominote sou kanpis la ke n ap renonse ak rediksyon salè tanporè pou majorite anplwaye nou yo. Pandan nou te kontan anpil anonse sispansyon rediksyon salè sa yo, nan moman li te esansyèl pou kominote inivèsite a te kontinye konfòme yo avèk rediksyon nan depans yo, konjèlman nan anbochaj la ak lòt mezi rediksyon nan bidjè a anvigè. Enkoni yo toujou la epi sitiyasyon an ka mande mezi ki diferan oswa adisyonèl alavni.

Fon Sekou Federal ak Eta

Nan kòmansman ane fiskal sa a, nou te resevwa \$21.5 milyon nan finansman federal atravè Lwa sou Èd, Sekou ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris ("Lwa CARES"). Lwa CARES la te kreye Fon Sekou Dijans pou Ansèyman Siperyè ("HEERF I"). Nan \$21.5 milyon nou te resevwa atravè finansman HEERF I an, \$10.75 milyon ladan te ale dirèkteman nan èd finansye dijans pou elèv yo. Rèl la te itilize pou konpanse kou ki asosye avèk depans ki gen rapò ak COVID-19 yo. Nou te resevwa tou finansman Depatman Deta pou Bidjè ak Jesyon (Department of Budget and Management, DBM) ki nan \$5.44 milyon pou depans Ane Fiskal 2020 yo ak \$16.5 milyon pou Ane Fiskal 2021 an ki bay yon total \$22 milyon dola. Avèk adopsyon Lwa Kredi Siplemanntè pou Repons ak Sekou kont Kowonaviris (Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations Act, CRRSA) (HEERF II) nan desanm lan, nou te resevwa \$10.75 milyon kòm èd pou elèv ak \$22.1 milyon pou sipò enstitisyonèl pou Ane Fiskal 2021 an. An final, anba Lwa Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan, ARP) ki te adopte dènyeman an, nou prevwa inivèsite a pral resevwa \$58 milyon nan Fon Sekou Dijans pou Ansèyman Siperyè Depatman Edikasyon an (HEERF III) kote 50% prale nan èd pou elèv. Yon fason kimile, fon ki pa regilye yo ki gen rapò ak enpak COVID-19 la, bay yon total ki anviwon \$84 milyon nan bidjè santral nou an.

Nou rekonesan anpil anvi Eta Maryland ak Kongrè a pou finansman ki pa regilye sa a ki konpanse yon gwo pati nan defisi bidjè nou ane sa a.

Gade Devan

Estrateji rediksyon global bidjè nou an mete avèk gwo efò defans avèk delegasyon eta ak federal nou yo an kolaborasyon avèk kolèg ansèyman siperyè nou yo te lakòz gwo soulajman avèk fon ki soti nan sipò finansye HEERF la. Fon yo ki te repati bay inivèsite a apati desizyon lejislatif sa yo te pèmèt nou redui anpil defisi Ane Fiskal 2021 nou yo. Kounye a nou estime rès k ap defisi pou Ane Fiskal 2021 an se pral \$36 milyon. Akòz sitiyoasyon finansye amelyore sa a pou Ane Fiskal 2021 an ak yon pèspektiv finansye ki pi favorab pou Ane Fiskal 2022 a, nou nan yon pi bon pozisyon finansye pase kòmansman semès otòn 2020 an.

Nou pral retire konjèlman anbochaj la nan vandredi 2 avril pou pwofesè ak anplwaye ki enpòtan anpil ak esansyèl. Sipèvizè ak chèf inite yo dwe sèten ke tout nouvo anbochaj yo enpòtan anpil ak esansyèl pou operasyon inite a epi ke gen fon ki disponib toutbon.

Sepandan, sitiyoasyon finansye amelyore sa a pa vle di tout bagay rezoud pou nou. Menm lè pandan n ap aplike estrateji global sa a pou rezoud defisi aktyèl nou an, nou rekonèt apwòch nou an pa ranplase pèt \$46.3 nan kredi eta debaz nou an. Anplis de sa, gen inite oksilyè ki ka bezwen pran mezi rediksyon adisyonèl nan bidjè ane sa a epi petèt pou Ane Fiskal 2022 oswa Ane Fiskal 2023 pou fè fas ak pèt revni yo. Akòz ensètitud ekonomik aktyèl nan tout nasyon an, n ap elaji efò defans nou yo avèk delegasyon eta ak federal nou yo, pandan n ap travay deprè tou avèk kolèg ansèyman siperyè nou yo nan peyi a.

Nou kontan pou pote nouvo finansye ajou sa yo pou nou konsènan inivèsite nou an. Nou remèsye tou chak manm nan kominote nou an dèske yo te travay avèk nou pou redui otan nan defi sa yo jan sa te posib. Mete tèt ansanm se sèl fason pou nou reyisi.

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland
He/Him/His

Ann Wylie

Vis Prezidan Prensipal ak Dwayen
She/Her/Hers

Carlo Colella

Vis Prezidan ak Direktè Administratif
He/Him/His

Brian Burnett

Vis Prezidan ak Direktè Finansye Pwovizwa
He/Him/His

Cynthia Hale

Vis Dwayen Asosye pou Zafè Akademik
She/Her/Hers